



Pou Piblikasyon Imedya: 17/08/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PRÈSKE 15 MILYON DOLA NAN PRIM POU KAT  
PWOJÈ DEMONSTRASYON KI FÈ AVANSE SOLISYON TEKNOLOJI DEPO ENÈJI  
KI DIRE LONTAN**

*Gen yon lòt 8.15 milyon dola ki disponib kounye a pou teknoloji ki poko  
komèsyalize epi ki fè pwogrese, devlope oswa teste sou teren teknoloji depo  
idwojèn, elektrik, chimik, mekanik oswa tèmo-elektrik*

*Sipòte objektif Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè a pou enstale  
3,000 megawat depo enèji solè dis 2030 epi ede plis fasilite devlopman 6,000  
megawat*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a 15 milyon dola nan prim pou pwojè depo enèji ki dire lontan yo ki pral ede eksplwate ak founi enèji renouvlab ki estoke pou rezo elektrik New York la. Anplis prim sa yo, yo te anonse 8.15 milyon dola nan finansman pou sipòte solisyon inovatè depo enèji ki dire lontan, aparèy, lojisyèl, kontwòl, ak lòt teknoloji konplèmantè ki poko komèsyalize. Soumisyon pwojè yo dwe fè pwogrese, devlope oswa teste sou teren teknoloji depo idwojèn, elektrik, chimik, mekanik oswa tèmo-elektrik ki pral fè fas ak pwoblèm entegrasyon enèji renouvlab tankou konjesyon rezo, difikilte kapasite ebèjman ak enplantasyon nan Vil New York. Anons jodi a sipòte objektif Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè (Climate Leadership and Community Protection Act, CLCPA) a pou enstale 3,000 megawat depo enèji dis 2030 pandan l ap plis fasilite devlopman 6,000 megawat.

"Chak dekouvèt nan teknoloji depo enèji diminye depandans nou sou konbistib fosil yo epi li make pwogrè nan siksè ki entegre enèji renouvlab nan kominote yo atravè eta a", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Anons jodi a reflekte angajman nou kontinye pou inovè ak devlope teknoloji ki pral pèmèt nou endepandan nan enèji epi asire resous yo disponib lè ak kote sa nesèsè".

Prim yo ke Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA) administre ak opòtinite finansman konpetitif sipòte devlopman pwodwi depo enèji ak pwojè demonstrasyon ki dire 10 a plis pase 100 èdtan ak plizyè jou nan pisans nominal, ke yo rekonèt tou kòm depo enèji ki dire lontan.

## Prim

Pwogram yo rekonpanse yo gen ladan:

- **Ecolectro, Inc.:** 1.08 milyon dola – Pou devlope chimi ak materyèl polimè revolisyone yo ke yo prevwa ki pral redwi siyifikativman pri pou pwodwi idwojèn pa elektwoliz epi kreye yon ranplasman enstantane pou konsepsyon aktyèl yo. Pwojè sa a gen ladan ogmantasyon teknoloji ki pwouve nan laboratwa avèk pwototip enjeniri ak validasyon pou konstwi ak teste inite elektwoliz 10 kilowat (kW). Inite elektwolizè a pral deplwaye nan yon demonstrasyon pilòt an patenarya ak Liberty Utilities nan Massena, New York.
- **Form Energy:** 12 milyon dola – Pou devlope, konsewa ak konstwi yon demonstrasyon 10 megawat (MW)/1,000 megawat pa lè (MWh) a echèl komèsyal pou yon nouvo fòm depo enèji bon mache, ki dire lontan ki vize kapab sipòte entegrasyon an nan resous renouvlab tanzantan epi bay plizyè jou kouran kontinyèl, zewo kabòn nan rezo a lè yo rele yo. Pwojè a pral sèvi ak materyèl batri fè-lè ki an sekirite, ki abondan, ki trè bon mache, epi ki kapab evolye a echèl mondyal apati chèn apwovizyonman ki egziste deja. Yo dwe detèmine yon lokal pou pwojè a.
- **PolyJoule, Inc.:** 1.03 milyon dola – Pou enstale yon sistèm depo enèji modilè a batri ki dire lontan (Battery Energy Storage System, BESS) 2-MWh, 167-kW PolyJoule an patenarya ak Eastern Generation nan Santral Elektrik Astoria li a ki sitiye nan Queens, New York. Pwojè demonstrasyon sa a gen pou objektif pwouve sekirite, teknik, operasyon, ak merit ekonomik BESS Polimè Kondiktif PolyJoule nan yon anviwònman iben ki peple. Egzijans pou pèmi, enstalasyon, ak fasilitasyon yo pral montre avantaj redui yo nan zafè pri deplwaman ak fleksibilite sit. Atravè plizyè ane tès ak analiz done yo rasanble pandan varyasyon sezonye, PolyJoule, Inc. vize pwouve solidite teknik sistèm nan, ki kapab deplwaye nenpòt kote nan Eta New York.
- **Urban Electric Power (UEP):** 703,965 dola - Pou enstale yon BESS 100-kW/1-MWh lè l sèvi avèk teknoloji batri alalin zenk rechajab UEP ki gen patant. BESS pwopoze a pral fèt pou aplikasyon depo enèji ki dire lontan (sa vle di, 10 a 24 èdtan) nan enstalasyon komèsyal ak endistriyèl yo. Espesyalman, BESS pral bay itilizatè final yo rezistans enèji, ki pèmèt rediksyon enèji gras a rediksyon gwo demann yo, epi sipòte rezo elektrik la lè li patisipe nan evènman repons pou demann yo. Pwojè a sitiye nan Pearl River, New York.

## Nouvo Opòtinite Finansman

Pou demann ki fèk pibliye a, yo pral bay prim nan domèn devlopman pwodwi, pwojè demonstrasyon ak demann pataj pri pou enkli nan demann finansman federal yo. Y ap aksepte pwopozisyon yo jiska 3:00 p.m. Lè Estanda Lès (EST) nan 17 oktòb 2023. Detay pou solisasyon sa a disponib sou [sitwèb](#) NYSERDA.

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York la, Doreen M. Harris, te deklare,** "Ogmante kapasite eta a pou estoke enèji ewolyen ak solè pou plis kantite tan se yon bagay esansyèl pou atenn objektif klimatik ak enèji pwòp nou yo, espesyalman lè plis enèji ap sikile nan rezo a nan pwojè enèji renouvlab y ap mete anliy yo. Teknoloji depo enèji ke pwogram sa a ap pote a ap asire

Nouyòkè yo pral gen aksè a yon rezo elektrik ki mache avèk enèji pwòp renouvlab ak lapè nan lespri ke li gen anpil kapasite depo avèk pwoteksyon esansyèl ki sipòte li".

**Direktè Egzekitif NY Best, William Acker, te deklare,** "NY-BEST bat bravo pou anons Gouvènè Hochul jodi a pou bay plis finansman Eta a pou solisyon depo enèji ki dire lontan. Depo enèji ki dire lontan esansyèl pou rive genyen yon rezo ki dekarbonize epi deplase totalman santral elektrik ki gen konbistib fosil yo ak investisman tankou sa yo enpòtan pou fè avanse solisyon teknoloji enpòtan nan Eta New York".

Fè avanse depo enèji a gran echèl enpòtan pou atenn objektif Lwa sou Klima Eta a epi asire pwoteksyon ak sekirite sistèm depo enèji atravè eta a. Mwa pase a, Gouvènè Hochul te anonse kreyasyon yon nouvo Gwoup Travay Entè-Ajans sou Sekirite Ensandi. Pandan ke ensandi nan enstalasyon depo enèji yo ra anpil, Gouvènè a te mande Biwo Prevansyon ak Kontwòl Ensandi nan Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans (DHSES) Eta New York la, Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York (NYSERDA), Depatman Konsèvasyon Anviwònman (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta New York, Depatman Sèvis Piblik (DPS), ak Depatman Deta (DOS) pou dirije Gwoup Travay la pou egzamine yon fason endepandan ensandi nan enstalasyon depo enèji ak nòm sekirite yo. Gwoup la pral pwofite ekspè ki gen renome nasyonal ak laboratwa nasyonal nan analiz kòz rasin depo enèji ak entèvasyon ijans pou evalye ak idantifye yon fason endepandan kòz komen yo, rezilta kontwòl lè a oswa lòt enpak sou kominote a, ak lòt faktè ki enplike ensandi nan depo enèji. Konklizyon yo ak rekòmandasyon yo pral pataje ak Depatman Ponpye Vil New York, Asosyasyon Nasyonal Pwoteksyon Ensandi (NFPA), Konsèy Kòd Entènasyonal (ICC), Konsèy Kòd Konstriksyon ak Prevansyon Ensandi Eta New York la, ak Underwriters Laboratories, ki etabli New York kòm yon lidè nasyonal ak entènasyonal nan sekirite ensandi ak sistèm depo enèji estasyonè.

Yo ofri finansman sa a atravè Pwogram Optimizasyon Enèji Renouvlab ak Inovasyon nan Depo Enèji NYSERDA a epi baze sou investisman Eta New York nan rechèch, devlopman, ak komèsyalizasyon pou sipòte inovatè ak konpayi yo k ap akselere emisyon ki fèb yo ak teknoloji ki konfiske kabòn ki nesèsè pou atenn objektif eta a pou netralite kabòn nan tout nivo ekonomi an. Pwogram [inovasyon](#) NYSERDA ap deplwaye 800 milyon dola sou 10 ane kòm investisman dirèk atravè sibvansyon ak sipò komèsyalizasyon global. Plis pase 680 milyon dola nan investisman prive ak 200 milyon dola nan kapital finans pwojè yo te aktive, epi plis pase 450 pwodwi inovatè enèji pwòp yo te komèsyalize kòm rezilta teknoloji NYSERDA ak investisman nan devlopman biznis, ki gen ladan sistèm ekleraj dyòd (LED), aparèy domestik, batri ki dire lontan, ak sistèm chofaj avèk refwadisman ki pi efikas.

Inisyativ NYSERDA yo finansse atravè Fon Enèji Pwòp (Clean Energy Fund, CEF) 6 milya dola Eta a sou 10 ane. Gen plis enfòmasyon sou finansman sa a ki disponib sou [sit entènèt](#) NYSERDA.

## **Plan Klimatik Nasyonal Eta New York ki Alatèt Peyi a**

Ajanda klimatik Eta New York la ki se lidè nan nasyon an fè apèl ak yon tranzisyon ki

metodik epi ki jis ki kreye djòb ki soutni fanmi, ki kontinye ankouraje yon ekonomi vèt nan tout sektè epi asire ke omwen 35%, avèk yon objektif 40%, nan avantaj investisman enèji pwòp yo ale nan kominote defavorize yo. New York, ki oryante pa kèk nan inisyativ klima ak enèji pwòp ki pi agresif nan peyi a, sou pwen pou reyalize yon sektè enèji zewo emisyon vè 2040, ki enkli 70% pwodiksyon enèji renouvlab vè 2030, ak netralite kabòn nan tout ekonomi an vè mwaye syèk la. Yon poto mitan nan tranzisyon sa a se investisman san presedan New York pou devlope enèji pwòp yo, ki enkli plis pase 35 milya dola nan 120 pwojè enèji renouvlab ak transmisyon ki fèt sou gran echèl nan eta a, 6.8 milya dola pou redui emisyon batiman yo, 3.3 milya pou devlope enèji solè, plis pase 1 milya dola pou inisyativ transpò pwòp ak plis pase 2 milya dola nan angajman NY Green Bank yo. Investisman sa yo ak lòt sipòte plis pase 165,000 djòb nan sektè enèji pwòp New York la an 2021 ak yon kwasans plis pase 3,000% nan sektè solè distribiye a depi 2011. Pou diminye emisyon gaz ki lakòz efè sè ak amelyore kalite lè a, New York te adopte tou règleman veyikil san emisyon, ki gen ladan egzije pou tout nouvo machin pasaje yo ak kamyon pwa lejè yo vann nan Eta a gen zewo-emisyon disi 2035. Patenarya yo ap kontinye fè aksyon klimatik New York la avanse avèk apeprè 400 Kominote Entelijans Klimatik ki anrejistre ak plis pase 100 Kominote ki sètifye, apeprè 500 Kominote Enèji Pwòp, ak pi gwo inisyativ kontwòl lè kominotè Eta a nan 10 kominote devavorize atravè eta a pou ede sibler polisyon lè epi konbat chanjman klimatik la.

###

Lèt nouvell disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)